



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREZÈVASYON 2342,72 EKTA NAN MONTAY TACONIC

Yo ajoute plizyè milye ekta sou Forè Eta Tèt Mòn Taconic ak Forè Eta Berlin, sa ki ogmante opòtinite rekreyatif yo ak pwoteje abita enpòtan yo

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrem M. Cuomo te anonse jodi a prezèvasyon 2343 ekta anplis nan Montay Taconic (Taconic Mountains) ki pral pwoteje espas lib enpòtan epi etann opòtinite rekreyatif pou sipòte ekonomi lokal la. Zòn ki prezève yo gen ladan dènnye akizisyon Eta a konsènan 990 ekta ki kole ak Forè Eta Tèt Mòn Taconic (Taconic Ridge State Forest) lan ak 1353 ekta ke yo ajoute sou Forè Eta Berlin (Berlin State Forest) atravè yon patenarya avèk Fon Konsèvasyon An (The Conservation Fund).

"Soti deyò ak pwofite lanati se te youn nan kèk plezi pou anpil Nouyòkè pandan moman difisil sa yo epi avèk ekspansyon kontini prezèvasyon nou ap ofri menm avèk plis opòtinite pou rekreyasyon pandan nou ap asire ke espas lib enpòtan yo pwoteje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tèt Mòn Taconic lan bay peyizaj mayifik, konsiderab sou anviwònman rich lan epi gras ak efò prezèvasyon nou yo, li pral yon destinasyon pou Nouyòkè yo pandan plizyè jenerasyon ki ap vini yo."

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) te achte dènnyeman kat ansyen moso teren Forè Cowee (Cowee Forest) yo, ke yo rele Stickles, Nugent, Montay Lès (East Mountain), ak moso tè Montay Lamizè (Misery Mountain) yo, nan men Fon Konsèvasyon an lè li te itilize 4.85 milyon dola ki soti nan Fon Pwoteksyon Amviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) la. Akizisyon sa yo pral double gwosè Tèt Mòn Taconic lan ak forè Eta Berlin yo epi sa pral bay koneksyon enpòtan ak resous rekreyatif, gen ladan aksè ak Santye Krèt Taconic (Taconic Crest Trail) lan. Acha yo te pwoteje afliyan Rivyè Little Hoosic (Little Hoosic River) la, youn nan kouran dlo twit sovaj Eta New York yo. Nan kad forè Eta DEC yo, yo pral jere tè sa yo pou plizyè izaj, gen ladan pwodiksyon bwa konstriksyon, pwoteksyon basan vèsan, abita bèt sovaj, ak rekreyasyon.

Komisè DEC a, Basil Seggos, te deklare, "Nouyòkè ansanm ak vizitè yo pral genyen nouvo opòtinite pou rekreyasyon deyò yo nan Taconics yo gras ak akizisyon siyifikatif sa yo, ki pral etann Forè Eta Rejyon Kapital la ak anpil avantaj yo bay bèt sovaj, abita,

kalite dlo, ak konba kontini nou kont chanjman klimatik la. Nou rekonesan ak patenè nou yo nan Fon Konsèvasyon An, ak espesyalman angajman kontini Gouvènè Cuomo pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la, entwodiksyon Lwa Obligasyon Anviwònmanal pou Restore Manman Lanati (Restore Mother Nature Environmental Bond Act), ak lòt investisman enpòtan nan konsèvasyon ak pwoteksyon".

Tom Duffus, Vis Prezidan ak Reprezantan Nòdès pou Fon Konsèvasyon an, te deklare: "Forè sa yo fè pati yon gwo peyizaj forè eksplwatab ki mezire 6475 ekta ke Fon Konsèvasyon An ap travay avèk Eta ak lòt patenè lokal yo pou pwoteje dekwa pou sipòte vitalite Plato Rensselaer (Rensselaer Plateau) ak ekonomi forè Rejyon Taconic lan. Kounye a nan kad Sistèm Forè Eta New York (New York State Forest System) la, resous valab teren forè sa a, gen ladan apwovizyonman an bwa pou izin lokal yo, aksè rekreyatif, pwoteksyon pou kalite dlo ak abita pou bèt sovaj, pral asire".

Anplis gwo forè a, Plato Rensselaer a sipòte plizyè kominote marekaj inik, gen ladan preri imid, marè ti pye bwa piti, sapen ak epinèt, yon divèsite mamifè enpresyonan ki pa tipik nan Distri gwo rejyon Kapital la, gen ladan lous nwa, pekan, lout, lenks, ak elan, epi yo ajoute li nan lis Zòn Zwazo Enpòtan (Important Bird Areas) Sosyete Audubon Nasyonal (National Audubon Society) la nan New York. Gwo blòk forè Plato Rensselaer yo sèvi kòm zòn prensipal kote bèt sovaj yo itilize kòm koulwa pou ale nan lòt teritwa zòn ki gen forè yo epi, dapre Pwogram Eritaj Natirèl (Natural Heritage Program) lan, li bay refij potansyèl pou bèt sovaj ki ap deplase soti nan zòn sidès yo oswa elavasyon ki pi ba yo an repons ak chanjman klimatik la.

Sitiye nan Konte Rensselaer nan tout fwontyè Massachusetts ak Vermont, forè Eta [Tèt Mòn Taconic](#) ak [Berlin](#) DEC a se prensipal pòtay nan Montay Taconic yo ki konsève resous natirèl enpòtan epi li bay divès opòtinite rekreyatif deyò. Kolin valone, forè, peyizaj senik yo a ak plis pase 55 kilomèt santye, gen ladan Santye Krèt Takonik lan, ideyal pou pwomnad. Pou plis enfòmasyon sou Forè Eta Tèt Mòn Taconic lan, vizite <https://www.dec.ny.gov/lands/72874.html>.

Bidjè Eta 2020-21 Gouvènè Cuomo a ke yo vote a sipòte finansman pou 300 milyon dola, nivo finansman ki pi wo nan 25 ane istwa pwogram lan. Anplis, Bidjè ane sa a a ajoute 500 milyon dola sou angajman pou amelyore kalite dlo pou 3 milya dola istorik Eta a. Bidjè a te kreye tou Lwa Obligasyon Anviwònmanal pou Restore Manman Lanati a. Si elektè yo apwouve li an novanm, Lwa sou Obligasyon an tap finanse pwojè restorasyon anviwònmanal ak atenyasyon chanjman klimatik ki enpòtan nan chak kwen nan Eta a pou asire New York kapab adapte ak konsekans chanjman klimatik ki ap entansifye yo, epi redwi degajman yo, pandan li ap kreye djòb ak devlopman ekonomik lokal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)